# हे गौरा तोहरो सजनवा न

हे गौरा तोहरो सजनवा न,
तोहरो सजनवा किछुओ ने बुझे से औढर धरनमा न

जेकरा नेय कहियो देखलौ जनम भर,
रोटी पर नुनवा ना,
तकरा दुआरी पर हाथी बिराजे,
तकरा दुआरी पर हाथी बिराजे,
अन धन सोनमा ना,
हे गौरा अन धन सोनमा ना,
तोहरो सजनवा किछुवो ना बुझौ से,
ऑर्डर धरनवा ना

जे कहीयो फुल बेलपत्रो ने तोरलक,
भक्ति भजनवा ना,
मरत काल में पौलक हौ बाबा,
मरैत काल में पौलक हौ बाबा,
तोरे सरनमा ना,
हे गौरा तोरे सरनमा ना,
तोहरो सजनवा किछुवो ना बुझौ से,
ऑर्डर धरनवा ना

जकरा नेय मतलब भक्ति भजन से,
पेट भरनवा ना,
तकरा देलैन शिव महल अटारी,
तकरा देलैन शिव महल अटारी,
जीवन तरनमा ना,
हे गौरा जीवन तरनमा ना,
तोहरो सजनवा किछुवो ना बुझौ से,
ऑर्डर धरनवा ना

https://www.bhajanganga.com/bhajan/lyrics/id/16126/title/he-gora-tohre-sajanva-na

अपने Android मोबाइल पर BhajanGanga App डाउनलोड करें और भजनों का आनंद ले |